

Lakay se lakay.

Opsyon sou lavi kominotè MassHealth



Massachusetts Community Living Initiative se yon angajman pou ogmante kapasite eta a pou sèvi moun ki gen andikap oubyen ki gen 65 an oubyen pi gran ki nan kominote a e kòm altènativ nan resevwa sèvis nan yon etablisman swen enfimye(è) oubyen lòt kad enstitisyonèl.



Egzansyon nan sèvis lakay e nan kominote a (HCBS)


Pwogram sa yo konsevwa pou satisfè bezwen manm MassHealth ki pito resevwa sèvis swen alontèm epi soutyen lakay yo oubyen nan kominote a, pase nan yon kad enstitisyonèl.

Massachusetts jere aktyèlman 10 egzonerasyon HCBS, chak pou yon popilasyon presi.

- Egzansyon pou granmoun aje ki frajil
- Egzonerasyon Depatman Sèvis Developman pou moun majè ki gen yon andikap entelektyèl
 - Soutyen pou moun majè
 - Lavi nan kominote a
 - Soutyen entansif
- Egzonerasyon twoub otism timoum
- Domaj serebral akeri avèk egzonerasyon reyabilitasyon rezidansyèl
- Domaj serebral akeri avèk egzonerasyon reyabilitasyon ki pa rezidansyèl
- Plan vanse devan (Moving Forward Plan) avèk egzonerasyon nan lavi kominotè
- Plan vanse devan (Moving Forward Plan) avèk egzonerasyon nan soutyen rezidansyèl
- Renonsyasyon nan lezyon serebral twomatik

Pou gen plis enfòmasyon sou egzonerasyon HCBS

- imèl HCBSWaivers@mass.gov
- monte nan www.mass.gov/hcbsw



Demonstrasyon sou lajan suiv moun lan (Demo MFP)


Pwogram sila ofri bay manm MassHealth ki nan etablisman ki founi swen enfimye(è), nan lopital pou maladi kwonik oubyen reyadaptasyon, oubyen lòt etablisman enstitisyonèl ki vle tounen nan kominote a. Demo MFP a ka ede manm yo fè tranzisyon nan kominote a avèk soutyen e sèvis ki nesesè. Manm yo ka patisiye nan toude Demo MFP a e nan egzonerasyon HCBS nan menm lè a.

Demo MFP a ka ede manm yo avèk sa ki site annapre la a :

- Jwenn lojman ki aksesib e abòdab.
- Peye lwaye premye mwa a, depo garanti, e peman aryere fakti pou sèvis publik
- Peye pou frè demenajman, modifikasyon nan kay la, epi achte mèb pou kay la
- Peye pou asyèt, chodyè e kaswòl, epi lòt atik menaje
- Peye pou lòt atik nesesè pou tabli yon rezidans kominotè
- Epi plis toujou

Pou gen plis enfòmasyon sou Demo MFP a

- imèl MFP@mass.gov
- monte nan www.mass.gov/MFPDemo



Dokiman sa ekri nan kad sibvansyon CFDA 93.791 Ministè sante e sèvis sosyal Etazini Damerik, Centers for Medicare & Medicaid Services. Sa ki make a pa nesesèman reprezante politik Ministè sante e sèvis sosyal Etazini Damerik la, e ou pa ta dwe sipoze gouvènman federal la apwouve l.